

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekkan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan Modél Pangajaran *Induktif Kata Bergambar* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Laporan Lalampahan Ka Siswa Kelas VIII-B SMPN 16 Bandung Taun Ajaran 2015/2016, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh awal siswa kelas VIII-B nalika nulis laporan lalampahan saméméh ngagunakeun modél *induktif kata bergambar* kagolong can mampuh. Lantaran peunteun rata-ratana 57,09 tina KKM 75. Ditilik dumasar lima aspék kamampuh nulis nu kategori panulisan eusina miboga peunteun rata-rata 59, kategori panulisan organisasina miboga peunteun rata-rata 61, kategori panulisan diksina miboga peunteun rata-rata 58,5, kategori panulisan makéna basa miboga peunteun 50, jeung kategori panulisan mekanik miboga peunteun rata-rata 60. Tina 37 urang siswa ngan aya saurang nu kaasup kana kategori mampuh.
- 2) Kamampuh akhir siswa kelas VIII-B nalika nulis laporan lalampahan saenggeus ngagunakeun *treatment* modél *induktif kata bergambar* kagolong mampuh. Lantaran peunteun rata-ratana 87,14 tina KKM 75. Ditilik dumasar lima aspék kamampuh nulis nu kategori panulisan eusi miboga peunteun rata-rata 86, kategori panulisan organisasi miboga peunteun rata-rata 89, kategori panulisan diksi miboga peunteun rata-rata 89, kategori panulisan makéna basa miboga peunteun 84, jeung kategori panulisan mekanik miboga peunteun rata-rata 83. Tina 37 urang siswa ngan 3 urang siswa nu kategori can mampuh.
- 3) Aya peunteun nu ngaronjat ditilik tina hasil *pretest* jeung hasil *posttest* nalika nulis laporan lalampahan kelas VIII-B SMPN 16 Bandung saméméh jeung saenggeus ngagunakeun modél *induktif kata bergambar*. Rata-rata peunteun *pretest* 57,09 hasil *posttest* na ngaronjat jadi rata-rata peunteunna 87,14, hartina aya peningkatan 30,05%. Hasil uji hipotésis

$t_{itung} > t_{tabel}$  nya éta  $24,04 > 2,43$ , anu hartina hipotésis alternatif ( $H_a$ ) ditarima sarta hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak.

- 4) Modél pangajaran *Induktif Kata Bergambar* nya éta salah sahiji modél alternatif anu hadé sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa dina nulis laporan lalampahan, lantaran ngagunakeun modél pangajaran ieu bisa ngarangsang pamikiran siswa sangkan leuwih aktif, kreatif, dina prosés pangajaran jeung bisa ngaronjatkeun panitén atawa minat siswa sangkan leuwih daék diajar maké basa Sunda. Ogé bisa ngalarapkeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé jeung dina kaparigelan nulis séjénna.

## 5.2. Implikasi

Implikasi tina larapna Modél Pangajaran *Induktif Kata Bergambar* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Laporan Lalampahan Ka Siswa Kelas VIII-B SMPN 16 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 kaunggel di handap.

- 1) Larapna modél pangajaran *induktif kata bergambar* kawilang leuwih ngirut sarta pikaresepeun lantaran meunang aprésiasi anu positif ti siswa boh ti guruna.
- 2) Ayana rupa-rupa gambar/foto nu pakait jeung téma atawa judul sangkan bisa ngarangsang daya kreatif siswa nalika ngébréhkeun gagasannana dina wangun tulisan;
- 3) Siswa leuwih parigel milih kekecapan tur merenah nalika ngebréhkeun maksud nu rék ditepikeun; jeung
- 4) Leuwih maham kana kandaga kecap jeung éjahan basa Sunda nalika ngalarapkeun kalimah dina paragraf.

## 5.3 Saran

Salaku panyusun sakaligus panalungtik ngeunaan modél pangajaran nulis laporan lalampahan siswa kelas VIII-B SMPN 16 Bandung taun ajaran 2015/2016 di handap ieu aya sababaraha saran pikeun lajuning laku panalungtikan. Anapon saran-saran nu bisa diébréhkeun nya éta.

- 1) Hasil panalungtikan ngagunakeun modél pangajaran *induktif kata bergambar* éféktif pisan pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan

lalampahan dibandingkeun ngagunakeun modél konvensional. Ku kituna, ieu modél téh bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis laporan lalampahan, ogé pikeun ngaronjatkeun kompetensi pangajaran séjénna;

- 2) *Implementasi modél induktif kata bergambar*, sangkan hasilna nyugemakeun, tapi tetep kudu merhatikeun léngkah-léngkah pangajaran anu ngawengku leuwih taliti dina ngaidéntifikasi gambar, maca, ngembangkeun kandaga kecap dasar, maham jeung ngamangpaatkeun tulisan-tulisan nu nyampak dina gambar/foto, ogé leuwih asak nalika ngarancang pangajaran ngagunakeun modél *induktif kata bergambar*;
- 3) Lantaran ieu panalungtikan kuasi ékspérimen dilakukeun dihiji sakola mangka kudu diayakeun panalungtikan éksperimén murnina di sakola-sakola séjénna sangkan hasil tina éta panalungtikan bisa digenerasikeun kana populasi anu leuwih jembar.